

**KREYÒL**

*Pwogram detaye*

**Katryèm ane segondè**

*ISBN.....*  
*Dépôt légal – 2e trimestre*

## SA KI NAN PWOGRAM NAN

<b>AVÈTISMAN .....</b>	<b>4</b>
Objektif pwogram nan .....	5
Òganizasyon pwogram nan.....	6
Koutje sou pwogram nan .....	7
Kominikasyon oral .....	9
Sitiyasyon kominikasyon oral pou travay nan katriyèm ane segondè .....	12
Pwofil elèv katriyèm ane segondè kòm lokitè .....	14
Kominikasyon ekri : lekti zèv literè.....	15
Jan tèks pou fè lekti nan katriyèm ane segondè.....	21
Pwofil elèv katriyèm ane segondè kòm lektè .....	25
Istwa literati kreyòl .....	27
Kominikasyon ekri : ekriti divès kalite tèks agimantatif: Esè, Komantè, Disètasyon.....	29
Jan ak tip tèks pou ekri nan katriyèm ane segondè.....	35
Pwofil elèv katriyèm ane segondè kòm eskriptè.....	38

Aks tematik e kiltirèl pou etidye nan katriyèm ane segondè .....	39
Lis zèv, otè pou lekòl segondè.....	40
<b>GLOSÈ.....</b>	<b>43</b>

# AVÈTISMAN

Refòm Bèna a te entwodui lang kreyòl la nan sistèm edikatif ayisyen an depi premye jiska nevyèm lane lekòl fondamantal. Lekòl segondè pa t anseye kreyòl. Poutan nou jwenn inivèsite ki bay kou kreyòl. Kidonk se yon twou enpòtan Ministè a konble jodi a lè l pwopoze kou kreyòl nan nouvo segondè a. Sa ki parèt pi enteresan ankò, kontrèman ak Refòm Bèna a pwogram kreyòl nouvo segondè a ekri an kreyòl. Ve sa a pral konble atant anpil pwofesè ki te toujou ap mande kouman yon pwogram lang kreyòl se an franse pou yo ekri l. Nou di pwofesè sa yo ak tout lòt pwofesè ki pa t pataje lide sa a, Ministè a deside jodi a bay kreyòl la chans pou l pran dwa gran moun li nan deskripsyon pwogram segondè a.

Pwogram katriyèm ane segondè a chita nan yon kalfou : yon kote li dwe ranfòse konpetans elèv yo ki sot pase twa lane ap aprann kreyòl, yon lòt kote li dwe boukle fòmasyon segondè yo. Men genyen yon pwoblèm ki poze lè nou sonje sitiyasyon ki egziste nan ansèyman kreyòl la : anseyan yo pa gen yon gran pratik, manke bon materyèl, yo pa vrèman anseye oral, yo pako janm evalye pwogram nan. Pou tout konsiderasyon sa yo ki pa fin twò klè, nou sigjere anseyan ki gen pou l anseye kreyòl nan katriyèm lane segondè a pou li travay an ekip ak lòt kolèg.

Yon bagay enpòtan pou anseyan yo pa bliye, pwogram sa a bay literati kreyòl la yon plas enpòtan. Sa nou vize, se pa fè elèv yo maton anpil nan literati, se sitou devlope lakay yo ladrès pou yo kapab li yon tèks literè e renmen literati ak lakilti kreyòl. Men poto mitan pwogram lang kreyòl katriyèm lane segondè a, se bay jèn yo yon konpetans pou yo metrize diskou agimantatif ki abilite yo konprann yon deba e redije tèks tankou esè ak disètasyon. Yon demach parèy gen yon gran enpòtans nan fòmasyon yon jèn ki ap tèmine lekòl segondè li. Yon sitwayen responsab dwe kapab defann opinyon li nan yon langaj oral tankou ekri ki klè, pètinan e byen estriktire.

## **Objektif pwogram nan**

Ansèyman ak aprantisaj lang kreyòl la fè pati pwogram fòmasyon jèn ayisyen yo sanse resevwa nan nouvo lekòl segondè a. Nan katryèm ane a, pou tout elèv ki nan filyè jeneral tankou filyè teknolojik, li vize prensipalman pou li ede yo metrize pi plis lang kreyòl la, konnen davantaj literati kreyòl la, ranfòse kilti yo e pèmèt yo devlope yon panse kritik e otonòm.

Si pwogram nan prevwa alafwa etid lang ak literati se nan lide pou bay elèv yo yon fòmasyon ki pèmèt yo anrasinen nan kilti yo e fòme yo kòm fiti sitwayen ki va entegre sosyete a san konplèks. Metriz lang kreyòl pale tankou ekri rete yon bon zouti nan lavi pèsònèl jèn yo ki bezwen fòme refleksyon yo e ba yo yon lespri kritik endispensab pou yo pouswiv fòmasyon yo jiskaske yo antre nan mache travay.

### **Alafen katryèm ane segondè a elèv yo dwe demontre konpetans tankou :**

- 1. Eksprime lide yo ak presizyon nan sityasyon kominikasyon oral tankou ekspoze, deba, kont-randi.*
- 2. Apresye yon zèv literè ekri an kreyòl, pote jijman sou li, reflechi sou valè estetik li.*
- 3. Retrase atravè yon zèv literè istwa literati kreyòl la.*
- 4. Planifye e redije ekri agimantatif tankou esè, kòmantè, disètasyon an relasyon ak zèv yo etidye yo e nan respè gramè ak òtograf lang kreyòl la.*

## **Òganizasyon pwogram nan**

Lè w ouvri pwogram ou gen pou konstate li bati sou kat (4) konpetans jeneral : premye a sou kominikasyon oral, dezyèm nan sou lekti zèv literè, twazyèm nan sou planifikasyon e redaksyon tèks agimantatif (esè, kòmantè, disètasyon). Malgre tout pati sa yo, se yon sèl finalite yo vize : «Metriz lang kreyòl oral ak ekri, konnen literati ak kilti lang kreyòl». Kidonk, ansèyman tankou aprantisaj ki gen pou fèt yo ap kouvri tout aspè sa yo e yo makònen tout ansanm nan fòmasyon elèv yo.

Aprantisaj sa yo pa fèt an degrennen, youn mache ak lòt piske se tout ansanm ki detèmine metriz lang nan.

Nan yon tablo ki detaye, nou jwenn: konpetans jeneral, konpetans espesifik, konesans nesèsè, mizannèv konpetans lan. Konpetans yo bezwen apiye yo sou konesans elèv yo dwe mobilize. Bò kote anseyan an li menm li gen aktivite pou li antreprann ak elèv yo pou li pèmèt yo devlope konpetans lan. Kidonk, se yon travay men lan men anseyan ak elèv ap akonpli pou fè elèv la vin genyen yon konpetans nan lang kreyòl la.

Pou atenn divès konpetans yo, oral, lekti, ekriti, pwogram nan pwopoze pou bay priyorite kèk sitiyasyon kominikasyon oral e yon kategori tip tèks pou fè lekti oswa pou ekri.

Aprè chak seksyon nou jwenn yon pati sou pwofil. Pwofil yo presize, anfèt, atant anseyan an dwe genyen vizavi elèv yo. Egzijans nou jwenn nan chak pwofil yo dwe pèmèt anseyan fè l yon lide sou rezilta elèv yo sipoze bay alafen katriyèm lane segondè a. Kidonk, se apati egzijans sa yo, anseyan an va prepare evalyasyon somatif, kivedi egzamen pou verifye konpetans elèv yo atenn.

### **GLOSÈ AK BIBLIYOGRAFI**

Nan dènye pati pwogram nan nou pwopoze yon glosè ak yon bibliyografi. Pwogram lang jodi a entegre tout rechèch yo fè nan syans langaj sitou sa ki konsène lengwistik tekstyèl. N ap twouve mo tankou anafò, metafò, polisemi, enonsyatè, elatriye. Fòk nou ankouraje elèv yo aprann e chèche konprann mo sa yo pou yo ka apresye zèv ekriven y ap etidye yo.

## **Koutje sou pwogram nan**

**Kominikasyon oral**

**Kominikasyon ekri : Lekti zèk literè**

**Kominikasyon ekri : Istwa literati kreyòl**

**Kominikasyon ekri : Pwodiksyon ekri**



## KOMINIKASYON ORAL

Konpetans	Konpetans espesifik	Konesans nesèsè	Mizannèv konpetans
<p><b>1. Eksprime lide ak presizyon nan sitiyasyon kominikasyon oral tankou ekspoze, deba, kont-randi.</b></p>	<p><b>1. Ekspoze</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Pran lapawòl pandan kenz (15) minit oswa plis devan pwofesè ak klas la nan yon ekspoze ki adapte a oditwa a.</li>   <li>• Enplike pèsonèlman nan diskou oubyen rete net (san pran pozisyon).</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Anonse ak konkli-zyon tou brèf.</li> <li>• Kòman itilize yon èd memwa.</li> <li>• Diminye kantite dan-site enfòmasyon ak repetisyon e refòmila-syon.</li> <li>• Sipò pou retni atan-syon oditwa a: Egzanp, desen, blag, itilizasyon tablo ki gen pano oswa enfòmasyon, entèpelasyon oditwa a.</li>   <li>• Mak vèbal ak non vèbal sibjektivite e objektivite yo.</li> <li>• Enonse yon fè ak yon opinion.</li> <li>• Aprann devlope yon tèt avèk agiman: divès tip agiman.</li> <li>• Ton an, wotè vwa a, jès ak mimik yo...</li> </ul>	<p>Anseyan an ap asire mizanplas konpetans lan apati yon ansanm sekans sou kominikasyon oral 1 ap òganize selon youn nan de (2) gran sitiyasyon kominikasyon yo itilize nan klas:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Sitiyasyon kominikasyon dirèk ki ka espontane ou prepare.</li> <li>• Sitiyasyon kominikasyon difere.</li> </ul> <p>Nan sans sa a, etandone agimante rete kapasite santral pou devlope nan pwogram 4èm ane segondè a, anseyan an gen posibilite pou li entegre aktivite kominikasyon oral la dirèkteman avèk ou san preparasyon nan yon aktivite lekti ou literati. Yon lòt kote tou, li kapab prepare yon sekans espesyalman sou kominikasyon oral.</p> <p>Li dwe pwofite travay sou yon seri tèm yo etidye nan tèks yo tankou anviwonman, sosyete, solidarite, ou tout lòt tèm ki ap fè aktiyalite. Mizanplas sekans sa yo ka pèmèt elèv yo non sèlman kominike, men tou devlope lòt kapasite tankou pran nòt, pran ase tan pou estriktire kontni ak fòm yon mesaj, oral, prepare fich prezantasyon (deba, ekspoze, kont-randi), itilize materyèl odyovizyèl.</p>

	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Itilize estrateji ki ap atire byenveyans oditè a, kenbe atansyon l, e enplike l...</li> <li>• Itilize yon rejis lang nan nivo oditwa a.</li> <li>• Itilize ak efikasite sipò anplwaye nan komini-kasyon oral: chema, tablo, lojisyeèl prezanta-syon, retwopwojektè, manyetofòn, manyetoskòp.</li> </ul> <p><b>2. Deba</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Detèmine plan deba a.</li> <li>• Chwazi tèz ak kèk agiman pou soutni tèz ou vle defann.</li> <li>• Montre akò w ou deza-kòw</li> <li>• Repere mannèv lòt entèvenan pou l defann tèz pa li.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Mwayen pou enplike oditè a: entèpelasyon, kadans ak volim vwa a, itilizasyon egzanp yo, anekdòkt, estatis-tik...</li> <li>• Rejis lang nan.</li> <li>• Entwodiksyon</li> <li>• Devlopman</li> <li>• Moman pou pran lapawòl</li> <li>• Konklizyon</li> <li>• Diferans ant tèz ak agiman.</li> <li>• Mo tankou jès pou eksprime akò w, dezakò w, rezèv.</li> <li>• Kantite, lòd e fòs agiman yo.</li> </ul>	<p>Anseyan an dwe entèveni pou l enstale l elèv yo twa gran konpetans</p> <p>1. Konpetans kominikasyon ki pran an kont:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Sitiyasyon kominikasyon an;</li> <li>Oditwa a;</li> <li>Jestyèl;</li> <li>Non-vèbal</li> </ul> <p>2. Konpetans tekstyèl ki pèmèt elèv la metrize chak tip oral.</p> <p>3. Konpetans sou lang nan kivedi :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Koyeran ;</li> <li>Sentaks ;</li> <li>Konstriksyon agimantasyon ;</li> <li>Rejis.</li> </ul> <p>Anfèt, pran lapawòl sèl ou angwoup se detèmine yon entansyon. Se tou pran konsyans de espas lokitè a okipe ak kò li, ak vwa li. Anseyan dwe ede elèv yo konprann sa e dekouvri enterè mesaj yo emèt yo.</p> <p>Anfen, pa gen travay konpetans kominikasyon oral ki dwe fini san anseyan an pa mande elèv yo si yo santi yo reyalize entansyon kominika-syon yo te vize a.</p>
--	---	--	---

	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Reyaji pèsònèlman sou opinyon yon entèvenan avanse.</li> </ul> <p><b>3. kont-randi</b></p> <p>Pran nòt sou pawòl lòt moun e site yo evantyèlman.</p> <p>Distenge sa ki parèy e diferan yo nan kontni diskou ou tande yo enpi elimine redondans yo.</p> <p>Distenge ekspoze fè yo ak ekspoze opinyon yo.</p> <p>Repere ak entèprete non-vèbal la.</p> <p>A pati done ou seleksyone, elabore yon diskou koyeran ki chita sou yon plan klè e adapte pou destinatè a.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Mòd diskou yo rapòte.</li> <li>• Mak apwobasyon yo ak dezapwobasyon yo.</li> <li>• Nosyon sou refòmilasyon e redondans.</li> <li>• Mak ki tradwi sibjektivite ak mask ki kache l.</li> <li>• Valè silans, jès, mimik ak entonasyon.</li> <li>• Karakteristik epsikilojik, sosyal, entèlektyèl de yon destinatè.</li> </ul>	
--	--	---	--

## SITYASYON KOMINIKASYON ORAL POU TRAVAY NAN KATRYÈM ANE SEGONDÈ

*Pou abòde osinon pou kapab atenn konpetans yo, pwogram nan pwopoze pou bay sityasyon komunikasyon ki nan 2 pwochen paj yo priyorite :*

### Ekspoze/kont-randi

Konpetans	Konesans nesèsè
<p><b>Koute :</b> 🎧</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Pran nòt sou pawòl lòt moun e site yo evantyèlman (nan yon deba oubyen ekspoze) ;</li> <li>• Distenge sa ki parèy e diferan nan diskou ou tande yo enpi elimine redondans yo ;</li> <li>• Distenge fè ak opinyon ;</li> <li>• Reperere manèv yon lòt entèvenan e entèprete non vèbal li.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Mòd diskou rapòte ;</li> <li>• Ekriti abreje, senbòl, nominalizasyon ;</li> <li>• Nosyon sou refòmilasyon e redondans ;</li> <li>• Mak ki tradwi sibjektivite ak mas ki kache l;</li> <li>• Kantite, lòd e fòs agiman yo;</li> <li>• Valè silans, jès, mimik ak entonasyon.</li> </ul>
<p><b>Pale :</b> 🗣️</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Pran la pawòl pandan 15 minit oswa plis devan pwofesè a ak klas la nan yon ekspoze ki adapte a oditwa a. (Prezante yon zèv literè oubyen yon tèm) ;</li> <li>• A pati done ou seleksyone elabore yon diskou koyeran ki chita sou yon plan klè e adapte pou destinatè a ;</li> <li>• Itilize estrateji ki ap atire byenveyans oditè a, kenbe atansyon li :             <ul style="list-style-type: none"> <li>1) Sipò tankou chema, tablo, retwopwojektè, manyetofòn, el...</li> <li>2) Rejis lang ki nan nivo oditwa a.</li> </ul> </li> </ul> <p>Enplike pèsonèlman nan diskou oubyen rete net.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Asonans ak konklizyon tou brèf ;</li> <li>• Plan diskou a e prizankont karakteristik epsikolojik, sosyal, entèlektyèl, nivo langaj destinatè a;</li> <li>• Mwayen lengwistik e paralengwistik pou enplike destinatè a;</li> <li>• Devlopman tèz ak divès tip agiman;</li> <li>• Fè ak opinyon;</li> <li>• Ton, jès, mimik elatriye.</li> </ul>

## Deba

Konpetans	Konesans nesèsè
<p><b>Koute :</b> 🗣️</p> <ul style="list-style-type: none"><li>• Pran nòt sou pawòl lòt moun e site yo evantyèlman;</li><li>• Repere manèv lòt entèvenan pou l defann tèz pa li;</li><li>• Reyaji pèsoneyman sou opinyon yon entèvenan avanse e montre akò w ou dezakòw.</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Mòd diskou rapòte;</li><li>• Ekriti abreje, senbòl, nominalizasyon;</li><li>• Kantite, lòd, fòs agiman yo;</li><li>• Jès pou eksprime akò, dezakò, rezèv.</li></ul>
<p><b>Pale :</b> 🗣️.</p> <ul style="list-style-type: none"><li>• Detèmine plan deba a;</li><li>• Chwazi tèz ak kèk agiman pou soutni tèz ou vle defann nan;</li><li>• Itilize estrateji ki ap kenbe atansyon oditwa a:     Sipò pou apiye agiman;     Rejis lang pou ranfòse agiman yo.</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Entwodiksyon, devlopman, moman pou pran lapawòl, konklizyon;</li><li>• Diferans ant tèz ak agiman;</li><li>• Mwayen lengwistik (koyeans, konstriksyon gramatikal pou enonse bon agiman);</li><li>• Ton, wotè vwa, jès, mimik, el...</li></ul>

# PWOFIL ELÈV KATRYÈM ANE SEGONDÈ KÒM LOKITÈ

## 1. KARAKTERISTIK SITIYASYON KOMINIKASYON ORAL NAN YON EVALYASYON SOMATIF

*Sitiyasyon kominikasyon an dwe presize pou elèv la eleman sa yo :*

- yon entansyon kominikasyon;
- yon tèm osinon yon chwa pami plizyè tèm ;
- tip pratik kominikasyon oral (deba, ekspoze, kontrandi)

**Konsiy yo dwe presize tou:**

- Moman ak dire kominikasyon an;
- Resous ki otorize pou itilize.

## BAZ POU EVALYASYON

*Adapte sitiyasyon kominikasyon an (kritè de baz)*

*Diskou elèv la adapte si li respekte eleman sa yo*

- ❖ Enfòmasyon li transmèt yo pèmèt :
  - aprofondi, nyanse, ilistre ou jistifye opinyon li sou yon zèv literè ou sou yon tèm li prezante ;
  - eksplike yon afimasyon, yon reyalyte, oubyen yon fenomèn
  - defann yon tèm ak bon agiman.
- ❖ Enfòmasyon yo pran ankonsiderasyon karakteristik destinatè a ak tout reyaksyon li
- ❖ Diskou elèv la pwovoke enterè destinatè a :
  - Pou fason li chwazi mo ak fraz li yo ;

- Pou eleman non vèbal li chwazi pou kominikasyon an (entonasyon, vitès, volim, jès, dokiman, sipò)

*Koyeran (kritè de baz)*

*Diskou elèv yo koyeran si destinatè a ka suiv san difikilte pwogresyon diskisyon, deba, kontrandi, ekspoze a :*

eleman nesèsè pou pèmèt konpreyansyon yo la ;  
li byen soutni tèm li ak bon agiman ;  
rejis lang lan annakò ak egzijans sitiyasyon kominikasyon an.

*Respè konsiy yo (kritè pèfeksyonman)*

*Elèv la dwe :*

*Respekte tan li te genyen pou li pale ;  
Sèvi sèlman ak resous otorize yo.*

## KOMINIKASYON EKRI : LEKTI ZÈV LITERÈ

Konpetans jeneral	Konpetans espesifik	Konesans nesèsè	Mizannèw konpetans lan
<p><i>2. Apresye yon zèw literè ekri an kreyòl, pote jijman sou li, reflechi sou valè estetik li.</i></p>	<p><b>1. Woman</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Repere jijman valè eksplisit e enfere valè enplisit ki nan woman an</li> <li>• Apati konpòtman, pawòl ak panse yon pèsonaj, enfere karakteristik epsikolojik, sosyal, etik ou ideyolojik li</li> <li>• Bay reyaksyon pèsonèl sou yon tèt, yon sistèm valè, sou konpòtman yon pèsonaj</li> <li>• Enfere e analize relasyon ant yon naratè eksteryè lan istwa ak pèsonaj yo (anpati, disonans, ironi...)</li> <li>• Eksplike rezon boulvèsman lòd kwonolojik (retou annaryè, antisipasyon)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Enplisit</li> <li>• Endis</li> <li>• Enplisit</li> <li>• Konesans leksikal anrapò ak epsikoloji, sosyoloji, etik, ideyoloji</li> <li>• Kèk nosyon sou epsikoloji, sosyoloji, etik, ideyoloji</li> <li>• Menm konesans ak sa ki pi devan an</li> <li>• Konesans sou rapò ant pèsonaj ak naratè a, fokalizasyon...</li> <li>• Konesans sou zafè tan nan resi</li> </ul>	<p>Anseyan an ap asire mizannèw konpetans lan ak yon ansanm travay koyeran yo rele sekans. Sekans yo ka asosye lekti, ekriti, oral ak etid sou lang lan. Woman, kòm objè etid ka kouvri youn ou plizyè sekans pou yon dire douz (12) à kenz (15) zè. Anseyan an ka chwazi youn ou de (2) woman akonpaye ak tèks e dokiman konplemantè.</p> <p>Etandone lekti se yon objektif priyoritè, fòk nou ankouraje elèv yo li anpil. Ekstrè zèw literè, men tou yon zèw annantye.</p> <p>Nou dwe pèmèt elèv yo apwofondi metriz de (2) fòm lekti : lekti analitik e lekti nètale.</p> <p>Lekti nètale a se yon premye lekti ki lib, dirèk e ki pèmèt sezi sans tèks ak karakteristik jeneral li san okenn analiz detaye sou tèks la.</p>

	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Rekonèt trè karakteristik lan divès kalte woman</li> <li>• Tabli relasyon ant yon zèv ou etidye ak yon kouran literè ou atistik</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Eleman ki defini divès kalte jan literè tankou: nouvèl, woman sosyal, epsikolojik, peyizan, elatriye.</li> <li>• Konesans ekstèn sou istwa literè. Retrasede atravè yon zèv literè istwa literati kreyòl la.</li> </ul>	<p>Se youn nan mwayen ki ka fè elèv yo pran gou pou lekti. Lekti sa a, elèv yo ka pratike l nan klas la tankou lakay yo. Konsènan lekti analitik la li dwe pèmèt elèv yo konstwi de fason detaye siyifikasyon tèks. Se ak yon ansanm zouti, lekti sa a posib.</p> <p>Zouti sa yo, anseyan ka prepare yo sèl oubyen an gwoup. Yo dwe prezante tèks la ak tout otè li e sitiye woman an nan kontèks literè, istorik e sosyal li. Sekans aprantisaj yo dwe enstale ka elèv la konpetans pou l metrize :</p> <p><b>Istwa</b> a ki genyen kat (4) eleman enpòtan: entrig, pèsònaj, reprezantasyon tan, reprezantasyon espas.</p> <p><b>Narasyon</b> an ki konsène: konpozisyon, otè ak naratè a, fokalizasyon, modalizasyon.</p> <p><b>Valè</b> ki nan woman atravè vizyon sou lemonn nan ak ideyoloji.</p>
--	---	--	--

**Kòpis:** Jacques Roumain. *Mèl lawouze douvanjou. Tradiksyon an kreyòl ayisyen, Clotaire Saint-Natus, Éditions Henri Deschamps. Frankétienne. Dezañi. Port-au-Prince, Éditions Fardin, 1975. (A compléter...)*



<i>Konpetans jeneral</i>	<i>Konpetans espesifik</i>	<i>Konesans nesese</i>	<i>Mizannèw konpetans lan</i>
<p><b>2. Apresye yon zèv literè ekri an kreyòl, pote jijman sou li, reflechi sou valè estetik li.</b></p>	<p><b>2. Fab</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Degaje aspè ki karakterize yon fab</li>   <li>• Metrize eleman ki pèmèt yo konprann kontèks yo ekri yon fab e sezi anje li yo.</li>   <li>• Mennen yon etid konpare sou de (2) fab.</li>   <li>• Idantifye pwosede estilistik yo itilize nan fab.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Aspè majè ki karakterize fab : <ol style="list-style-type: none"> <li>1) Resi tou kout ki baze sou agimantasyon endirèk ;</li> <li>2) Kontni enplisit ;</li> <li>3) Refleksyon didaktik ki vini ak yon moral ;</li> <li>4) Nati senbolik fab</li> </ol> </li>   <li>• Orijin antik fab</li> <li>• Evolisyon fab nan literati kreyòl</li> <li>• Moral e sosyete</li> <li>• Istwa literè</li>   <li>• Kontèks redaksyon</li> <li>• Entekstyalizasyon</li>   <li>• Agimantasyon</li> <li>• Vèsifikasyon</li> <li>• Pèsonifikasyon</li> <li>• Diskou rapòte</li> <li>• Dyalòg</li> </ul>	<p><i>Anseyan an ap asire mizannèw konpetans lan ak yon travay l ap reyalize sou fòm sekans.</i></p> <p><i>Fab la ka kouvri de (2) sekans ki ka dire 6 zè d tan. Sa ki pi enpòtan nan etid fab la se degaje nan yon resi tou kout yon agimantasyon endirèk ansanm ak yon moral.</i></p> <p><i>Youn nan meyè fason pou n travay fab nan klas la, se angaje elèv yo, yon fwa nou fin prezante otè a nan kontèks literè, sosyal e ekonomik, nan yon vrè deba. Pa bliye fab rete yon istwa pou konvenk. Kidonk se youn nan premye zouti pou etidye agimantasyon. Pou enstale konpetans sou etid fab ka elèv yo, anseyan yo ka pwopoze sekans ki kouvri alafwa ekspresyon oral, lekti, ekriti. Paregzanp yon travay sou rekriti yon fab, ka kòmanse ak yon aktivite lekti, fè objè yon deba nan klas pou l tèmine ak yon travay ekri.</i></p>

- Rekri yon fab defason pou chanje moral otè ki ekri l la te ba li.

- Diferan fòm itilize pou rekri yon tèks
- Sitiyasyon
- Kòmantè
- Enfliyans
- Pawodi
- Pastich

Konpetans jeneral	Konpetans espesifik	Konesans nesèsè	Mizannèw konpetans lan
<p><b>2. Apresye yon zèv literè ekri an kreyòl, pote jijman sou li, reflechi sou valè estetik li.</b></p>	<p><b>3. Pwezi</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Repere, nan yon powèm ou konnen oubyen ou pa konnen otè li, kritè ki ka pèmèt ou idantifye nan ki kouran literè osinon atistik li soti. Retrasede atravè yon zèv literè istwa litarati kreyòl la.</li> <li>• Detèmine nan yon tèks pwetik sa ki parèt nouvo osinon ki kite tradisyon ak prensip nou jwenn nan pwezi.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Fonksyon pwetik</b> atravè Jwèt fonetik yo (rim, asonans, aliterasyon).</li> <li>• <b>Jwèt gramatikal</b> yo ak sentaksik yo (envèsyon, repetisyon yon menm estrikti, repatisyon sengilye ak pliryèl).</li> <li>• <b>Jwèt leksikal</b> yo (paralelis ak opozisyon, repetisyon, pèsonifikasyon, chan leksikal, polisemi, konotasyon, konparezon, metafò...)</li> <li>• <b>Jwèt ritmik</b> yo (koup, kadans, anjanbman).</li> <li>• Konesans sou istwa pwezi kreyòl ann Ayiti. Retrasede atravè yon zèv literè istwa litarati kreyòl la.</li> </ul>	<p>Anseyan ap asire mizannèw konpetans lan apati yon ansanm koyeran aktivite sou fòm sekans. Sekans yo ka dire ant 6 a 8 èd tan. Anseyan an ka chwazi yon ansanm tèks baze sou yon tèm tankou: lanmou pou lapatri, lapè, linyon, tèt ansanm, vi sosyal...</p> <p>Pou enstale konpetans lan ka elèv yo, apa ansanm zouti sou pwezi ak sou otè yo, anseyan, dwe mennen entèvansyon l sou de (2) aspè majè:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1- Sitiye tèks la nan kontèks evolisyon istwa pwezi kreyòl ann Ayiti.</li> <li>2- Analize estrikti tèks la e rapò ant fòm ak siyifikasyon pou pèmèt elèv yo degaje travay pwetik ki reyalize sou lang kreyòl la ka powèt ayisyen yo.</li> </ol>

**Kòpis: gwoupman tèks pwetik depi kòmansman istwa pwezi ann Ayiti jiska jodi a.**

Konpetans jeneral	Konpetans espesifik	Konesans nesèsè	Mizannèv konpetans lan
<p><i>2. Apresye yon èv literè ekri an kreyòl, pote jijman sou li, reflechi sou valè estetik li.</i></p>	<p><b>4. Teyat</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Li yon pyès teyat oubyen yon estrè pou pwopozè yon mizansèn, yon dekò,...</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Etidye kominikasyon teyatral</li> <li>• Etidye konvansyon ak pwosede teyatral yo : Kou teyat, apate, kipwoko, Monològ (an absans tout naratè yo, li ka sèvi pou fè konnen “panse sekre” yon pèsonej oubyen rakonte sa ki ap pase deyò sèn nan) ; Sèn ekspozisyon.</li> <li>• Etidye langaj teyatral</li> <li>• Rapò ant pèsonej yo</li> <li>• Wòl yon dekò (vizyèl ak sonò) ekleraj, kostim yo, makiyaj, akseswa yo,...</li> <li>• Opsyon mizansèn</li> </ul>	

## Jan tèks pou fè lekti nan katriyèm ane sekondè

*Pou reyalize konpetans yo, elèv katriyèm ane sekondè yo va pratike lekti nètale ak analitik : woman, fab, pwezi, pyès teyat. Anseyan an gade tout libète l pou li fè elèv yo li tèks ekri an kreyòl ou tradwi an kreyòl. Li kapab chwazi si li vle trete yon tèm ekstrè zèv plizyè ekriyen. Sa ki enpòtan sitou, nan katriyèm ane a elèv yo dwe li youn (1) ou de (2) woman annantye pou lane a. Nan kad preparasyon kou li yo, anseyan an dwe prevwa kèk zouti tankou griy, tablo ki ka fasilite lekti yo pou elèv yo. Li dwe founi elèv yo tout eksplikasyon, osinon ede yo konprann konesans ki nesesè pou yo reyalize yon konpetans kòm paregzanp: enplisit, endis, tan nan resi, fokalizasyon, elatriye. Pou pèmèt elèv yo fè pratik lekti, anseyan an ankouraje yo li non sèlman nan klas la men tou lakay yo.*

### Woman

Konpetans espesifik	Konesans nesesè
<ul style="list-style-type: none"> <li>◆ Tabli relasyon ant yon èv ou etidye ak yon kouran literè ou atistik ;</li> <li>◆ Rekonèt trè karakteristik lan divès kalte woman;</li> <li>◆ Apati konpòtman, pawòl ak panse yon pèsonaj, enfere karakteristik epsikolojik, sosyal, etik ou ideyolojik li;</li> <li>◆ Eksplike rezon boulvèsman lòd kwonolojik (retou annaryè, antisipasyon);</li> <li>◆ Enfere e analize relasyon ant yon naratè eksteryè lan istwa ak pèsonaj yo (anpati, disonans, ironi...);</li> <li>◆ Bay reyaksyon pèsonèl sou yon tèz, yon sistèm valè, sou konpòtman yon pèsonaj;</li> <li>◆ Reperè jijman valè eksplisit e enfere valè enplisit ki nan woman an.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>◆ Konesans ekstèn sou istwa literè an kreyòl ;</li> <li>◆ Eleman ki defini divès kalte jan literè tankou: woman sosyal, epsikolojik, peyizan, elatriye ;</li> <li>◆ Enplisit ;</li> <li>◆ Konesans leksikal anrapò ak epsikoloji, etik, ideyoloji ;</li> <li>◆ Konesans nan zafè tan nan resi ;</li> <li>◆ Konesans sou rapò ant pèsonaj ak naratè a, fokalizasyon ;</li> <li>◆ Menm konesans ak sa ki vini an twazyèm nan ;</li> <li>◆ Enplisit ;</li> <li>◆ Endis.</li> </ul>

## Fab

Konpetans espesifik	Konesans nesèsè
<p>◊ Degaje aspè ki karakterize yon fab;</p> <p>◊ Metrize eleman ki pèmèt yo konprann kontèks yo ekri yon fab e sezi anje li yo ;</p> <p>◊ Mennen yon etid konpare sou de (2) fab ;</p> <p>◊ Idantifye pwosede estilistik yo itilize nan fab;</p> <p>◊ Rekri yon fab defason pou chanje moral otè ki ekri l la te ba li.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Aspè majè ki karakterize fab :               <ol style="list-style-type: none"> <li>1) Resi tou kout ki baze sou agimantasyon endirèk ;</li> <li>2) Kontni enplisit ;</li> <li>3) Refleksyon didaktik ki vini ak yon moral ;</li> <li>4) Nati senbolik fab.</li> </ol> </li> <li>• Orijin antik fab</li> <li>• Evolisyon fab nan literati kreyòl</li> <li>• Moral e sosyete</li> <li>• Istwa literè</li> <li>• Kontèks redaksyon</li> <li>• Entètekstyalizasyon</li> <li>• Agimantasyon</li> <li>• Vèsifikasyon</li> <li>• Pèsonifikasyon</li> <li>• Diskou rapòte</li> <li>• Dyalòg</li> <li>• Diferan fòm itilize pou rekri yon tèks</li> <li>• Sitiyasyon</li> <li>• Kòmantè</li> <li>• Enfliyans</li> <li>• Pawodi</li> <li>• Pastich</li> </ul>

## Pyès teyat

*Meyè rezon pou etidye teyat, se jwe pyès la. Se sa ki fè nan kad etid teyat nan lekòl, li enpòtan pou jwe pyès yo, fè mizansèn yo : mizansèn kèk ekstrè nan klas, òganizasyon espektak, videyo sou kèk pyès teyat elatriye.*

*Nan katriyèm ane segondè, yo jwe sitou dram sosyal. Anseyan ka fè jwe lòt tip pyès, si se gou ak enterè elèv yo.*

<b>Konpetans espesifik</b>	<b>Konesans nesèsè</b>
<ul style="list-style-type: none"><li>• Li yon pyès teyat oubyen yon estrè pou pwopoze yon mizansèn, yon deko,...</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Etidye kominikasyon teyatral ;</li><li>• Etidye konvansyon ak pwosede teyatral yo : Kou teyat; Apate; Kipwoko; Monològ (an absans tout naratè yo, li ka sèvi pou fè konnen “panse sekre” yon pèsonaj, oubyen rakonte <u>le hors scène</u>) ; Sèn ekspozisyon ;</li><li>• Etidye langaj teyatral ;</li><li>• Rapò ant pèsonaj yo ;</li><li>• Wòl yon deko (vizyèl ak sonò) ekleraj, kostim yo, makiyaj, akseswa yo,...</li><li>• Opsyon mizansèn.</li></ul>

## Pwezi

Konpetans espesifik	Konesans nesèsè
<p><b>5. Pwezi</b></p> <ul style="list-style-type: none"><li>• Repere, nan yon powèm ou konnen oubyen ou pa konnen otè li, kritè ki ka pèmèt ou idantifye nan ki kouran literè osinon atistik li soti. Retrasede atravè yon zèv literè istwa literati kreyòl la.</li> <li>• Detèmine nan yon tèks pwetik sa ki parèt nouvo osinon ki kite tradisyon ak prensip nou jwenn nan pwezi.</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• <b>Fonksyon pwetik</b> atravè Jwèt fonetik yo (rim, asonans, aliterasyon).</li> <li>• <b>Jwèt gramatikal</b> yo ak sentaksik yo (envèsyon, repetisyon yon menm estrikti, repatisyon sengilye ak pliryèl).</li> <li>• <b>Jwèt leksikal</b> yo (paralelis ak opozisyon, repetisyon, pèsonifikasyon, chan leksikal, polisemi, konotasyon, konparezon, metafò...)</li> <li>• <b>Jwèt ritmik</b> yo (koup, kadans, anjanbman).</li> <li>• Konesans sou istwa pwezi kreyòl ann Ayiti.</li><li>• Retrasede atravè yon zèv literè istwa literati kreyòl la.</li></ul>



# PWOFIL ELÈV KATRIYÈM ANE SEGONDÈ KÒM LEKTÈ

## 1. KARAKTERISTIK SITYASYON LEKTI NAN KAD YON EVALYASYON SOMATIF

### 1.1 Elèv la dwe jwenn nan sityasyon lekti a eleman sa a yo:

- ❖ Entansyon lekti tèks la (ou Anje);
- ❖ Youn ou plizyè tèks (ekstrè zèv) ki ka soti nan:
  - woman
  - fab
  - pwezi
  - pyès teyat
- ❖ Youn ou plizyè kesyon oubyen tach<sup>❶</sup> ki gen rapò ak tèks yo;
- ❖ Tout resous ki nesèsè pou akonpli tach ki gen rapò ak tèks la (ransèyman sou otè a ak epòk li, plan, kat geyografi, leksik espesyalise, el...)

### 1.2 Apa sa, konsiy yo dwe presize:

- ❖ tan ki prevwa pou travay la fèt
- ❖ tout dokiman (liv, diksyonè, gramè, lis mo vokabilè, el...) ki otorize pou reyalize tach la.

## 2. BAZ POU EVALYASYON

### 1. Konstwi sans tèks la (*Kritè de baz*)

---

<sup>❶</sup> Kesyon oubyen tach an rapò ak lekti yon tèks ta dwe fèt alekri. Nan sans sa, fò tach yo gen kèk kesyon pou devlope, paragaf pou ekri tankou yon rezime.

### ❖ *Degaje estrikti ak kontni tèks la Naratif :*

- dekouvri istwa a
- idantifye enonsyatè tèks la.

### ❖ *Powetik :*

- dekouvri tèm powèt la devlope
- tabli rapò ant fòm powetik la e sans tèks la.

### ❖ *Deskriptif :*

- rekonèt sijè ki dekri a.
- rekonèt eleman yo dekri yo.
- tabli rapò ant eleman yo dekri yo.

### 1.1 *Degaje òganizasyon tèks la)*

#### ❖ *Nan tèks naratif :*

- rekonstwi plan tèks la.
- distinge yon istwa imajinè ak yon istwa reyèl.
- rekonèt eleman pwogresyon ki tabli koyerans tèks la.
- Rekonèt pasaj lòt tip tèks (deskriptif, agimantatif, el...) nan tèks la e rekonèt enterè yo.

#### ❖ *Nan yon tèks powetik :*

- disène eleman ki sèvi pou òganize tèks la.
- rekonèt eleman pwogresyon ki tabli koyerans tèks la.

❖ Nan yon tèks deskriptif :

- rekonstwi plan tèks la.
- rekonèt pwogresyon enfòmasyon ki tabli koyerans tèks la
- rekonèt nan tèks la pasaj ki opinyon ak pasaj ki se fè reyèl yo dekri.

### **1.2 Disène pwennvi ki adopte nan tèks la**

- rekonèt pwennvi otè a.
- degaje imaj destinatè a nan tèks la
- disène valè (kiltirèl, sosyal, politik) ki nan tèks la.
- dekouvri anje tèks la

## **2. REYAJI AK TÈKS LA (Kritè pèfeksyonman)**

### **1) Pran pozisyon pèsonèl parapò ak tèks la**

- evalye nan ki mezi tèks la (kontni, òganizasyon, pwennvi, bi) ouvri davantaj lespri lekti a e satisfè oubyen bezwen imajinasyon li oubyen konpreyansyon yon reyalyte.

### **2) Eksprime reyaksyon a tèks la.**

## ISTWA LITERATI KREYÒL

Konpetans	Konpetans espesifik	Konesans nesèsè	Mizannèv konpetans lan
<p><b>3. Retrasede a travè yon zèv literè istwa literati kreyòl la.</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Montre kouman istwa literati kreyòl la ka pote limyè sou yon zèv kreyòl.</li> <li>• Repere fòm literati kreyòl la pran depi li kòmanse jis jodi a.</li> <li>• Idantifye fòm literati kreyòl la pran nan lòd kronolojik.</li> <li>• Idantifye otè yo, sa yo reprezante nan istwa literati kreyòl la.</li> <li>• Tabli paralèl ki genyen ant istwa literati kreyòl ak</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kontèks istorik, literè.</li> <li>• Mòd apresyasyon zèv literè.</li> <li>• Oralitye.</li> <li>• Literati.</li> <li>• Istwa ak devlopman literati kreyòl depi lakoloni jiska jodi a.</li> <li>• Premye tèks lang kreyòl la.</li> <li>• Literati oral.</li> <li>• Premye liv ekri an kreyòl.</li> <li>• Demaraj literati lang kreyòl la.</li> <li>• Byografi otè yo.</li> <li>• Mouvman, tandans.</li> <li>• Kontèks istorik, sosyal, politik, ekonomik.</li> </ul>	<p>Anseyan an ap asire mizannèv konpetans lan chak fwa li genyen zèv yon ekriyen ki ekri an kreyòl pou li etidye. Kidonk se yon ansèyman sistematik istwa literè li dwe fè nan kad travay l ap fè sou literati kreyòl la. Bi pou anseyan vize, se yon kote, fè elèv yo konprann nesèsite pou yo konnen istwa literati kreyòl la e yon lòt kote, twouve kouman pou li pèmèt yo jwenn repè tankou mo kle ki karakterize yon epòk.</p> <p>Pou evite yon ale mennen vini, anseyan an dwe fè sekans li prepare yo mache ak pwogresyon kronolojik literati kreyòl la. Sa pa vle di li pa ka fè yon retou an naryè pou li mountrè kontinuite, evolasyon ki gen nan istwa literati kreyòl la.</p>

	devlopman lang kreyòl la.	<ul style="list-style-type: none"><li>• Evolisyon lang kreyòl la.</li><li>• Nesans ak devlopman literati kreyòl la.</li></ul>	Pou ede elèv yo jwenn motivasyon nan istwa literati kreyòl la, anseyan an ka itilize kèk zouti tankou: friz kronolojik ke li afiche sou mi klas la ak divès kolòn (syèk, non mouvman an, mo kle, mo ekriven yo).
--	---------------------------	---	--

**KOMINIKASYON EKRI : EKRTI DIVÈS KALITE TÈKS AGIMANTATIF :  
ESÈ, KÒMANTÈ, DISÈTASYON**

Konpetans jeneral	Konpetans espesifik	Konesans nesèsè	Mizannèv konesans lan
<p><i>4. Planifye e redije ekri agimantatif tankou esè, kòmantè, disètasyon an relasyon ak zèv yo etidye yo e nan respè gramè ak òtograf lang kreyòl la.</i></p>	<p>1. Esè</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Li e entèprete sijè a</li> <li>• Degaje pwoblematik la</li> <li>• Elabore yon plan</li> <li>• Degaje yon sentèz</li> <li>• Redije yon bouyon               <ul style="list-style-type: none"> <li>• Entwodiksyon</li> <li>• Devlopman</li> <li>• Konklizyon</li> </ul> </li> <li>• Reli e korije</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Tèm (sijè)</li> <li>• Tèz (pwennvi)</li> <li>• Demach dyalektik</li> <li>• Chema tèz / antitèz</li> <li>• Klasman lide</li> <li>• Distenksyon ant tèz, agiman, egzanp</li> <li>• Valè tip agiman</li> <li>• Teknik pou redaksyon : entwodiksyon, devlopman, konklizyon</li> <li>• Paragraf e alineya</li> <li>• Konektè lojik</li> <li>• Koyerans</li> <li>• Gramè</li> <li>• Òtograf</li> </ul>	<p>Anseyan an ap sire mizannèv konpetans lan toudabò alokasyon lekti divès tèks ki fè objè etid nan klas la. Li ap atire atansyon elèv yo sou estrikti tèks yo, fè yo dekouvri nosyon tankou : tèm (sijè), tèz (pwennvi), agiman, makè relasyon yo, kivedi konektè lojik yo ki asire koyezyon ak koyerans tèks yo. Se diferan nosyon ak konsèp sa yo, elèv yo gen pou mobilize nan pwosesis planifikasyon e redaksyon tèks agimantatif tankou esè, kòmantè e disètasyon.</p>

Konpetans jeneral	Konpetans espesifik	Konesans nesèsè	Mizannèv konesans lan
<p><i>4. Planifye e redije ekri agimantatif tankou esè, kòmantè, disètasyon an relasyon ak zèv yo etidye yo e nan respè gramè ak òtograf lang kreyòl la.</i></p>	<p><b>2. Kòmantè</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Li e konprann yon tèks</li>   <li>• Elabore yon plan koyeran e lojik</li>   <li>• Redije yon bouyon <ul style="list-style-type: none"> <li>• Entwodiksyon</li> <li>• Devlopman</li> <li>• Konklizon</li> </ul> </li>   <li>• Reli e korije</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Lekti lineyè (nètale)</li> <li>• Lekti analitik</li> <li>• Idantifikasyon tip tèks</li>   <li>• Metòd apwòch plan tèks</li> <li>• Klasman lide</li>   <li>• Teknik pou redaksyon entwodiksyon,devlopman, konklizyon</li> <li>• Paragraf e alineya</li> <li>• Konektè lojik</li>   <li>• Koyeran</li> <li>• Gramè</li> <li>• Òtograf</li> </ul>	<p>Answit, pou enstale konpetans lan, anseyan an dwe favorize planifikasyon plizyè sitiyasyon ekriti. Tèks agimantatif yo rete yon kategori egzèsis konplèks ki egzije plizyè konpetans.</p> <p>Se pwogresivman pou konpetans sa yo enstale ka elèv yo. Se meyè fason pou yo metrize demach ki ka pèmèt yo elabore yon tèks koyeran sou divès tèm (anviwònman, sosyete, solidarite, lapè, el...) pwofite de konesans yo akèri sou lang, tèks ak kilti kreyòl la e sitou reflechi sou pratik ekriti pèsònèl yo.</p>

Konpetans jeneral	Konpetans espesifik	Konpetans nesèsè	Mizannèv konpetans lan
<p><b>4. Planifye e redije ekri agimantatif tankou esè, kòmantè, disètasyon an relasyon ak zèv yo etidye yo e nan respè gramè ak òtograf lang kreyòl la.</b></p>	<p><b>3. Disètasyon</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Konprann yon sijè</li> <li>• Chèche ide (mobilize konesans ak eksperyans; konsilte ouvraj referans nan bibliyotèk, sou entènèt, entèvyouve moun, espesyalis)</li> <li>• Elabore yon plan ki koresponn ak yon sijè</li> <li>• Itilize agiman pètinan e apriye</li> <li>• Òdone e devlope agiman yo ak tout egzanp</li> <li>• Redije entwodiksyon, devlopman ak konklizyon</li> <li>• Reli e korije</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Diferan tip desètasyon</li> <li>• Diferan tip dokiman</li> <li>• Analiz dokiman</li> <li>• Rechèch dokimantè</li> <li>• Diferan tip plan</li> <li>• Asosyasyon plan ak sijè</li> <li>• Ajansman enfòmasyon</li> <li>• Diferan tip agiman</li> <li>• Distensyon ant tèz, agiman e egzanp</li> <li>• Teknik pou redaksyon : entwodiksyon, devlopman ak konklizyon</li> <li>• Paragraf ak alineya</li> <li>• Konektè lojik</li> <li>• Gramè ak Òtograf</li> <li>• Ekspresyon rapò lojik yo</li> <li>• Koyerans</li> </ul>	<p>Anfen, anseyan yo dwe ede elèv yo metrize metodoloji pou yo ekri yon tèks agimantatif e inisye yo egalman nan teknik rechèch keseswa nan bibliyografi oubyen sou entènèt.</p>

Konpetans jeneral	Konpetans espesifik	Konpetans nesèsè	Mizannèv konpetans lan
<p><b>4. Planifye e redije ekri agimantatif tankou esè, kòmantè, disètasyon an relasyon ak zèv yo etidye yo e nan respè gramè ak òtograf lang kreyòl la.</b></p>	<p><b>4. Gramè</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Metrize e aplike règ òganizasyon ak fonksyonman gramè, fraz tankou gramè tèks.</li> <li>• Obsève e itilize òganizasyon divès tip ak fòm fraz.</li> <li>• Evalye sans divès tip ak fòm fraz ka pote nan yon tèks.</li> <li>• Obsève e evalye divès kalte fraz ki pèmèt ekspri kondisyon, kòz, konsekans, bi, konsesyon, el...</li> <li>• Obsève fonksyonman e evalye wòl diskou rapòte nan yon tèks.</li> <li>• Obsève e itilize divès makè ki sèvi pou mare lide nan yon tèks.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>◊ Fonksyon <ul style="list-style-type: none"> <li>• sijè</li> <li>• konpleman</li> <li>• epitèt</li> <li>• atribi</li> </ul> </li> <li>◊ Tip fraz <ul style="list-style-type: none"> <li>• deklarativ</li> <li>• entèwogativ</li> <li>• eksklamativ</li> <li>• emperativ</li> </ul> </li> <li>◊ Fòm fraz <ul style="list-style-type: none"> <li>• afimativ</li> <li>• negativ</li> <li>• anfatik</li> </ul> </li> <li>◊ Fraz sibòdone <ul style="list-style-type: none"> <li>• relativ</li> <li>• konpletiv</li> <li>• sikonstansyèl</li> <li>• tan</li> <li>• koz</li> </ul> </li> </ul>	<p>Rive nan katriyèm ane segondè, elèv yo sipoze genyen yon bon metriz gramè ak òtograf kreyòl la. Pou asire mizannèv konpetans sa yo nan nivo sa a, anseyan an ap favorize aprantisaj gramè fraz tankou gramè tèks dwe fèt anmètan. Se nan moman elèv la ap pratike lekti osinon ekriti pou envite li obsève estrikti lang lan, konstriksyon sentaksik yo. Li dwe pwofite pou li evalye sans fraz la e wòl li jwe nan tèks la parapò pwogresyon enfòmasyon ak koyerans tèks la. Aprann elèv yo dekouvri sans mo yo dapre fonksyon yo nan yon fraz.</p> <p>◊ Ede elèv yo dekouvri nan tèks lekti yo diskou rapòte yo (dirèk ou endirèk) ak tout mak ki karakterize yo (vèb ki entrodui yo, ponktyasyon, fraz ki dekoupe ladan yo).</p>



		<ul style="list-style-type: none"> <li>• konsekans</li> <li>• bi</li> <li>• opozisyon</li> <li>• konsesyon</li> <li>• kondisyon</li> </ul> <p>◇ Divès gwoup nan yon fraz:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• gwoup non</li> <li>• gwoup vèb</li> <li>• gwoup advèb</li> <li>• gwoup prepozisyonel</li> </ul> <p>◇ Divès fòm diskou rapòte:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• dialòg nan yon resi;</li> <li>• monològ;</li> <li>• sitasyon</li> <li>• mo ant gimè</li> </ul> <p>◇ Diskou dirèk ou endirèk</p> <p>◇ Konstriksyon diskou rapòte</p> <p>◇ Mak òganizasyon tèks la</p> <p>◇ Makè relasyon</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• relasyon semantik</li> <li>• fonksyon sentaksik.</li> </ul> <p>◇ Sibstiti leksikal</p> <p>◇ Sibstiti gramatikal.</p>	<p>◇ Montre elèv yo kouman diskou rapòte a selon li dirèk oubyen endirèk li fè naratè a efase tèt li pou li kite lòt pale (dirèk) osinon li fè naratè a entèvni (endirèk).</p> <p>◇ Li enpòtan pou pòte elèv yo obsève e konprann wòl makè yo (oubyen konektè yo) jwe nan mare lide nan yon tèks. Fè yo dekouvri divès sans makè sa yo genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• adisyon</li> <li>• bi</li> <li>• el...</li> </ul> <p>◇ Montre elèv yo divès teknik lang nan genyen pou li reprann yon enfòmasyon nan yon tèks.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Sibstiti leksikal</b></li> <li>• <b>Sibstiti gramatikal</b></li> </ul>
--	--	---	---

Konpetans jeneral	Konpetans espesifik	Konpetans nesèsè	Mizannèw konpetans lan
<p><b>4. Planifye e redije ekri agimantatif tankou esè, kòman-tè, disètasyon an relasyon ak zèv yo etidye yo e nan respè gramè ak òtograf lang kreyòl la.</b></p>	<p><b>4. Òtograf</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Metrize e itilize òtograf kreyòl la nan divès sitiyasyon kominika-syon ekri.</li> <li>• Aplike prensip òtograf kreyòl la.</li> <li>• Metrize e aplike siy grafik kreyòl la: ponktyasyon, aksan, tipografi.</li> <li>• Kapab konsilte e itilize liv referans tankou gramè ak diksyonè pou korije fot nan yon tèks ekri.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>◊ Règ ekriti divès fòm kontraksyon: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Leksikal</li> <li>• Gramatikal</li> </ul> </li> <li>◊ Siy ponktyasyon</li> <li>◊ Aksan</li> <li>◊ Siy tipografik</li> <li>◊ Sistèm òtograf kreyòl ayisyen an.</li> </ul>	<p>Pou sa ki konsènen òtograf kreyòl la, anseyan pa gen pou li fè yon aprantisaj sistematik. Entrene elèv yo obsève divès mak òganizasyon nan tèks yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• dispozisyon grafik</li> <li>• jan karaktè yo (gra, italik, gwo lèt, ti lèt)</li> <li>• paragraf, tit, soutit</li> </ul> <p>Pwofite tout okazyon kote elèv yo ankontak ak ekri (lekti tèks) pou ranfòse konesans li. Se sitou nan sitiyasyon pwodiksyon tèks pou anseyan ede elèv yo pran konsyans de divès kalte règ fonksyonman lang kreyòl la nan kontraksyon leksikal.</p> <p>Fè elèv yo obsève siy ponktyasyon yo nan fraz, nan tèks menm jan ak aksan yo (aksan fòs), siy tipografik tankou gimè, krochè, parantèz, el...</p>

## Jan ak tip tèks pou pwodiksyon ekri nan katriyèm ane segondè

*Pou reyalize konpetans yo, elèv katriyèm ane segondè a va pratike ekriti agimantatif tankou esè, kòmantè ak disètasyon.. Se yon nesosite pou anseyan an ede elèv yo apropriye nosyon kle sou agimantasyon. Alokasyon aktivite lekti anseyan an a fè elèv yo dekouvri distenksyon ant demontre, konvenk, pèsyade. Li a pwofite pou l familiarize elèv yo ak tèks ki prezante yon sèl pwennvi answit ak tèks ki gen de pwennvi opoze sitou nan kad dialog agimantatif. Men sa ki pi enpotan nan demach la, se pèmèt elèv yo ekri kèk ti tèks baze sou diferan tip rezonman e tip agiman avèk egzanp pou apiye yo. Pou pèmèt elèv yo fè pratik ekriti, anseyan an a ankouraje yo ekri ti tèks kout kote yo va respekte rapò lojik nan prezantasyon agiman san yo pa bliye pwogresyon tematik ki po asire koyerans tèks la.*

### Esè

Konpetans espesifik	Konesans nesèsè
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li e entèprete sijè a</li> <li>• Degaje pwoblematik la</li> <li>• Elabore yon plan</li> <li>• Degaje yon sentèz</li> <li>• Redije yon bouyon               <ul style="list-style-type: none"> <li>• Entwodiksyon</li> <li>• Devlopman</li> <li>• Konklizyon</li> </ul> </li> <li>• Reli e korije</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Tèm (sijè)</li> <li>• Tèz (pwennvi)</li> <li>• Demach dyalektik</li> <li>• Chema tèz / antitèz</li> <li>• Klasman lide</li> <li>• Distenksyon ant tèz, agiman, egzanp</li> <li>• Valè tip agiman</li> <li>• Teknik pou redaksyon : entwodiksyon, devlopman, konklizyon</li> <li>• Paragraf e alineya</li> <li>• Konektè lojik</li> <li>• Koyerans</li> <li>• Gramè</li> <li>• Òtograf</li> </ul>

## Kòmantè

Konpetans espesifik	Konesans nesèsè
<p><b>2. Kòmantè</b></p> <ul style="list-style-type: none"><li>• Li e konprann yon tèks</li> <li>• Elabore yon plan koyeran e lojik</li> <li>• Redije yon bouyon<ul style="list-style-type: none"><li>• Entwodiksyon</li><li>• Devlopman</li><li>• Konklizon</li></ul></li> <li>• Reli e korije</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Lekti lineyè (nètale)</li><li>• Lekti analitik</li><li>• Idantifikasyon tip tèks</li> <li>• Metòd apwòch plan tèks</li><li>• Klasman lide</li> <li>• Teknik pou redaksyon entwodiksyon,devlopman, konklizyon</li><li>• Paragraf e alineya</li><li>• Konektè lojik</li> <li>• Koyeran</li><li>• Gramè</li><li>• Òtograf</li></ul>

## Disètasyon

Konpetans espesifik	Konesans nesèsè
<ul style="list-style-type: none"><li>• Konprann yon sijè</li><li>• Chèche ide (mobilize konesans ak eksperyans; konsilte ouvraj referans nan bibliyotèk, sou entènèt, entèvyouve moun, espesyalis)</li><li>• Elabore yon plan ki koresponn ak yon sijè</li><li>• Itilize agiman pètinan e apro-priye</li><li>• Òdone e devlope agiman yo ak tout egzanp</li><li>• Redije entwodiksyon, devlopman ak konklizyon</li><li>• Reli e korije</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Diferan tip desètasyon</li><li>• Diferan tip dokiman</li><li>• Analiz dokiman</li><li>• Rechèch dokimantè</li><li>• Diferan tip plan</li><li>• Asosyasyon plan ak sijè</li><li>• Ajansman enfòmasyon</li><li>• Diferan tip agiman</li><li>• Distenksyon ant tèz, agiman e egzanp</li><li>• Teknik pou redaksyon: entwodiksyon, devlopman ak konklizyon</li><li>• Paragraf ak alineya</li><li>• Konektè lojik</li><li>• Gramè ak Òtograf</li><li>• Ekspresyon rapò lojik yo</li><li>• Koyerans</li></ul>

# PWOFIL ELÈV KATRIYÈM ANE SEKONDÈ KÒM ESKRIPTÈ

---

## II- BAZ POU EVALYASYON

### ***2.1 Adapte a sitiyasyon kominikasyon an***

*Tèks elèv la adapte si tout eleman sitiyasyon kominikasyon an respekte*

## Aks tematik ak kiltirèl pou etidye nan katriyèm ane segondè

Pou devlope konpetans elèv katriyèm ane segondè yo, pwogram nan prevwa kouvri 4 aks tematik e kiltirèl. Anseyan an va chwazi kèk zèv antye osinon yon seri tèks ki pale de menm tèm pou li travay ak elèv yo pandan tout lane a. Anseyan an gade tout libète li pou li chwazi lòd li vle prezante zèv oubyen gwoup tèks yo.

Aks 1	:	Fab kòm fòm agimantasyon endirèk e istwa moral
Aks 2	:	Woman e sosyete
Aks 3	:	Powezi atravè kèk tèm (sosyal, solidarite, inyon, libète, el.)
Aks 4	:	Teyat e dyalòg agimantatif

### Demach

*Chak aks va etidye :*

- Oswa yon zèv ann antye ak yon gwoupman kèk ekstrè zèv kòm konpleman;
- Oswa yon gwoupman kèk ekstrè zèv.

Sa ki enpòtan se pa ofri elèv yon kantite zèv nan chak aks yo, se pèmèt yo pito pran kontak ak yon seri zèv, yon seri ekstrè ki fòme yon sekans koyeran e ki ouvri yon pòt bay elèv la pou li konprann istwa literati kreyòl la. Paregzanp:

- Pou aks 2 : “Woman e sosyete ”, anseyan ka chwazi yon woman annantye e li konplete l ak kèk ekstrè de diferan womansye.
- Pou aks 3 : “Powezi atravè kèk tèm (sosyal, solidarite, inyon, libète, anvivonman, el.)”, anseyan ka chwazi pou gwoupman yon ansanm tèks de diferan ekriyen nan diferan epòk.

Nou rele gwoupman tèks, yon ansanm tèks ki trete yon tèm, yon jan, yon mòd ekriti. Li kapab tou yon zèv ann antye, evolisyon yon jan osinon yon fòm literè, evolisyon yon otè, elatriye ...

**Lis zèy, otè, liv literati pou lekòl segondè**

---







## GLOSE

**Agiman** :Se yon eleman nan yon rezonman lojik ki vize pwouve yon tèz ak demonstrasyon ki di ke li vrè. Kontrèman ak egzanp la, agiman an abstrè, anlè-anlè, se yon lide, yon jistifikasyon. Li fòmile byen klè. Li byen makonnen ak tèz la, li kore ak egzanp presi e korèk. Li pa yon ka patikilye. Li jeneral.

**Agimantasyon** :Plizyè lide ki logik ki mache ansanm nan sa yo vle di, pou pwouve ou demontre yon panse, yon tèz, ou nenpòt ki lòt bagay.  
*Egz: kèk lyen lojik.*

**Alegori** : Pèsonifikasyon yon lide ki imajinè.  
*Egz : Lè Ayiti te Ayiti,  
Reken yo pa t konn fete*

**Aliterasyon** : Lè youn oswa plizyè konsòn repete plizyè fwa nan yon gwoup mo.  
*Egz : Nan tan tam ta ka tann tan.*

**Anafò** : Lè yon mo oswa yon ekspresyon repete plizyè fwa nan kòmansman yon fraz oswa vè.

*Egz: tanbou sila-a  
se dife lan chan kann  
tanbou sila-a  
se tanbou revolisyon  
se tanbou libète (Paul Laraque)*

**Antitèz**: De mo ki gen sans opoze nan yon menm fraz  
*Egz : jou sa a solèy la te frèt*

**Antonim** :Se kontrè sinonim, antonim se yon mo ki gen sans li opoze ak yon lòt.  
*Egz : Piti → gran ; Anpil → de-twa*

**Apate** : Yon pawòl kout kout, ke yon moun konn itilize nan teyat san moun li ap pale avèk li pa remake sa.

**Asonans** : Lè yon vwayel repete plizyè fwa nan yon gwoup mo  
*Egz: dwèt nou se bagèt,  
chak kout tanbou se limyè*

**Bilengwis** : Pale de lang

**Byografi** : Liv ki rakonte lavi yon moun.

**Blazon** : Powèm ki dekri yon pati kò moun.

**Chan leksikal** : Yon ansanm mo (vèb, adjektif, advèb) ki gen relasyon ak yon tèm  
*Egz : la perèz ; pè, la terè.*

**Chan semantik** : Tout kalte sans yon mo ka genyen  
*Egz :Chan semantik mo « fè » regroupe tout sans ke vèb sa ka genyen (fabrike, konstwi, reyalize).*

**Chyasm**: De tèm ki nan yon fraz kote yo chak gen yon sans diferan  
*Egz: L ap gade toupatou san l pa janm wè anyen.*

**Derivasyon** : Teknik ki pèmèt ou fòme yon mo nouvo avèk yon mo de baz.  
*Egz : chaje, de/chaje, re/chaje*

**Gramè tèks** : Etidye ki estrikti règ gramè yo andan yon tèks. Organizasyon ak anchènman fraz yo.

**Efemis:** Fòmilyasyon adousi yon lide ki te ka parèt twò brital.

*Egz: Li t ap soufri twòp, li kite sa (mouri)*

**Enfòmatif :** ki bay enfòmasyon sou yon moun ou sou yon bagay.

*Egz : a) Jak se pitit Pye*

*b) Andre koupe kann nan.*

**Emetè :** Moun ki pwodui mesaj la.

**Enimerasyon - akimilasyon:** Repete youn dèyè lòt yon seri tèm

*Egz: Lè m rive nan fèt la, m jwenn bweson, lamanjay, bèl flè...*

**Enonse :** Mesaj oral ou byen ekri.

**Enonsyasyon :** Pwodui yon enonse ou byen jan ou fè yon enonse.

Pwodiksyon pèsone l yon fraz nan sikonstans pawòl pale ou pawòl ekri.

*Egz : sijè enonsyasyon an se « mwen »*

**Enonsyatè :** Yon moun ki pwodui yon mesaj e ki enpoze

pwòp sans pa li nan tan ak nan lespas.

**Esè :** Tèks ki prezante agiman pou analize yon sijè ki met ansanm kèk refleksyon sou youn ou byen yon pakèt sijè, ki ka pati de obsèvasyon, eksperyans otè a, san ke li pa panse sijè li analize a pa gen anyen pou ki di sou li ankò.

**Fanmi leksikal** Mo ki fòme ak yon menm radikal, avèk yon

**Ou mo menm** prefiks oubyen yon sifiks

**fanmiy** *Egz : Bouton → boutonnen  
→ deboutonnen*

**Gramè fraz :** Etidye konstrikasyon yon fraz. Li prezante kèk pwoblèm tankou : wete fraz sa nan kontèks li, men li pèmèt ou wè egzakteman fonksyon gramatikal yo.

**Lekti ekspresiv :** Lekti ki pèmèt ou tande vwa moun ki ap li a, li fè pase

**Ipèbòl:** Egzajerasyon nan chwa mo yo

*Egz: Li fimen tankou dragon.*

**Iwoni:** Mokri, kontrè sa w panse

*Egz : Mèsi pou bèl chedèw sa a !*

**Jan :** Kategori ke yo plase yon èv literè. Genyen kat (4) : Roman, pwezi, teyat, literati...

**Kaligram:** Powèm ke dispozisyon kontini vè yo reprezante bagay l ap pale de li a.

**Konektè :** Mo ki presize relasyon nan diferan etap yon diskou, yon istwa, yon pwodiksyon oral ou byen ekri. Se advèb yo, lokisyon advèbyal, konjonksyon kòdinasyon, sibòdinasyon ki endike klasman, adisyon, konparezon, opozisyon, konsekans, sipozisyon.

**Konparezon:** Fè yon paralèl ant yon konpare ak yon konparan gras ak yon mo kle (tankou, kòm, kou, kouwè, ou ta di, el...).

*Egz: Mache fè l swe thankou pitit Bouki*

**Kontèks literè :** Nan ki sikonstans yon otè te rive pwodui yon zèv (liv, tablo, powèm)

**Litòt :** Modere ekspresyon ki nan panse w pandan w ap pèmèt entèlokite a byen konprann ak yon ti kras mo

*Egz : Jean kapab fè pi bèl mwayèn*

**Leksik :** Ansanm mo ki pwòp a yon moun ou yon gwoup moun ka genyen divès kalte leksik : leksik lang yon peyi, yon ekriyen, yon syans, yon aktivite.

**Perifraz :** Ranplase yon tèm pa yon ekspresyon ki genyen menm kontni an.

*Egz: Wa tout bèt*

santiman, sansasyon, nan fason ou li chak sa otè a vle di, tankou ou ta vle fè moun k'ap tande ou yo viv , sa otè a te santi pandan li t'ap ekri a.

**Lekti kisiv** :Lekti rapid, ki pa vize retni nan lespri, ni analiz kontni li

**Metafò** : Itilizasyon yon tèm konkrè (reyèl) nan yon kad abstrè ki pèmèt yon konparezon. Metafò se yon konparezon tou kout.

*Egz : Chak kout tanbou se limyè,*

*Chak kout tanbou se zèklè, (Tanbou libète, Paul Laraque)*

**Metonimi** : Ranplase yon eleman ak yon lòt ki ta vle nan menm lojik la. *Egz : Bwè yon vè*

**Naratif** : Kalite yon tèks ki ekri pou rakonte kèk evènman : woman, nouvèl, kont, fab, fè divès, senaryo...

**Nivo lang ou Rejis lang** Nan ki kategori yon emetè chwazi mo pou l pwodui yon mesaj. Genyen twa nivo oubyen rejis lang.

- Familye : mwen met yon kat pikèt nan tè
- Kouran : mwen
- Soutni : mwen konstwi yon kay.

Chak rejis lang kapab koresponn a yon sentaks, yon pwononsyasyon, ou ankò yon vokabilè pwòp, tankou fraz pi wo yo montre sa.

**Nouvèl** : Yon ti istwa kout-kout sou yon sijè ki tout piti, li ka pale de : avanti, epizòd, anekdot. Nouvèl sa.....

**Oksimò** : De mo ki gen sans opoze nan yon menm fraz

*Egz :Jean se yon nèg ki rich san lajan.*

**Otobyografi** : Liv kote otè a ap rakonte istwa lavi pa l.

**Sitiyasyon enonsyasyon** : Nan ki sitiyaasyon yon mesaj oral ou ekri te pwodui. Li konpoze ak lokitè, destinatè, lye ak moman enonsyasyon an.

**Sinekdok**: Ranplase yon mo pa yon lot ki gen relasyon enklizyon

**Pèsonifikasyon**: Reprèzante yon bagay abstrè sou fòm moun

*Egz: Ayiti ap kriye pou pitit li yo.*

**Pleyonas**: Yon mo ki repete plizye fwa nan yon fraz san bezwen (initilman).

*Egz: li monte anwo a*

**Polisemi** : Mo ki gen plizye sans.

**Pòtrè** : Deskripsyon yon moun. Gen de kalte pòtrè fizik oubyen moral.

**Pwendevis** :Remak pou pwofesè.

**Pwogresyon tematik** : Fason yon otè devlope lide li yo nan yon tèks. Pwogresyon an ka pati de yon fraz ; se pwogresyon lineyè, gen yon lòt kalte, ki se pwogresyon ak tèm konstan, tèm sa ka repete avèk divès kalte mo. Gen tou pwogresyon ak tèm derive, tèm prensipal divize an plizye mòso.

**Reseptè** : Moun ki resevwa mesaj ki pwodui a.

**Resi** : Fason ou rakonte de bouch an bouch oubyen pa ekri kèk evènman ki egziste ou ki egziste sèlman nanlespri moun ki ekri l' la. Yon resi gen yon ansanm moman nan devlopman li. Li ka swiv dewoulman evènman yo (ka resi kronologik) ou byen yon lòd ki diferan.

**Sentaks** : Etid règ ki a la baz òganizasyon ak konstriksyon fraz yo ak lòd mo yo, nan yon lang. Ansanm règ sa yo rele gramè.

avek menm mo sa a.

*Egz: Senmak genyen koup la.*

**Sitiyasyon kominikasyon** : Nan ki sikonstans yon mesaj te pwodui (bouch an bouch ou non). Konpozan li se : emetè, reseptè ak sikonstans tan ak lye.

**Tip tèks** : Se definisyon yon tèks en fonksyon de jan li òganize. Tip tèks depann de entensyon otè a (rakonte, dekri, eksplike, defann yon lide, pwopoze yon aksyon), yo ka idantifye tip tèks la a pati karakteristik prensipal li yo. Yon tèks ka genyen ladann karakteristik plizyè kalte tip, sa ki konn rann li difisil pou plase tèks la yo nan yon kategori.

**Tonalite** : Gen relasyon ak santiman ke otè a vle fè lektè a santi. Konsa lektè a kapab santi tristès, pase nan betiz, komik. Li kapab tou emosyon ki fò, lajwa, dezespwa, oubyen egzagerasyon elatriye. Prensipal tonalite yo se lirik, patetik, egzagerasyon, sati, pawodi, ton chanpèt, elatriye.

**Tèm** : Yon eleman ki nan yon tèks ki retounen plizyè fwa nan yon zèv literè.

**Ton**:Ansanm karaktè yon tèks ki fasilite lantè kèk emosyon kay lektè a.

## Ti leksik pou pwezi

**Vè:** Enonse ki fòme yon inite ritmik kote règ yo defini kantite a. Ladann nou jwenn rim plat oswa suivi, kwaze, anbrase.

**Rim plat oswa kwaze :** Mwen kouche pou m' dòmi,  
Mwen pa kapab dòmi,  
Genyen yon lanmè fyèl  
K'ap sakaje kè-m...

**Ekstrè pwezi:** *Kè-m sere – Emile Célestin-Mégie*

**Rim kwaze:** Choucoun se yon marabout  
Je l klere k'on chandèl  
Li gen yon tete doubout  
A ! si Choucoun te fidèl

**Ekstrè pwezi:** *Choucoun – Oswald Durand*

**Rim anbrase:** Chak kout tanbou se limyè  
Van ap soufle  
Loraj ap gwonde  
Chak kout tanbou se zèklè

**Ekstrè pwezi:** *Tanbou libète – Paul Laraque*

**Anjanbman** se lè nou li de vè youn deyè lòt tankou sete yon sèl.

**Rim pòv :** yon fonèm (son) an komen *egz : chan, kann*

**Rim sifizan :** de fonèm an komen *egz: bagèt, pakèt*

**Rim rich :** twa fonèm an komen *egz: estriksyon, prediksyon*

**Dyerèz ak sinerèz**

Nou pale de dyerèz ak sinerèz lè gen diftong (kolizyon (kwazman) ant de vwayèl)

Gen **dyerèz** lè nou pwononse byen klè tou de son ki gen nan vwayèl ki nan yon grenn mo ki vin ban nou de (2) silab.

Gen **sinerèz** lè nou pa byen fè soti son de (2) vwayèl ki nan mo a, li vin ban nou son yon grenn silab.

*Egz : [py][a][fe] 3 silab  
[pya][fe] 2 silab*

**Emistich ak sezi**

**Emistich :** mwatye nan yon vè, li make pa yon sezi

**Sezi :** poz nan mitan yon vè

**Amoni sonò :** nan lang pale, estil lenguisitk la abitrè, pa gen rapò natirel ant sans pawòl yo ak son yo. Lang powetik la ap batay pou retire abitraj sa a.

L ap eseye ba li yon valè reprezantatif nan relasyon yo ak sonorite. Efè sonò yo bay yon sans li pat ap genyen avan. Nan analiz yon powèm, fòk nou defini sans sonorite a bay powèm nan.

**Remak lè nou ap li yon pwezi :**

Respekte ritm vè yo. Atansyon ak dyerèz ak anjanbman yo.